

CCPS SAFETY UPDATE #5

12 avril 2018

Chè Paran/Responsab,

Mèsi pou sipò ansanm ak angajman ou kontinye ap ba nou pou nou ka ofri yon anviwonman ki anba bon jan pwoteksyon nan Distri nou an. Mwen ekri nòt sa a pou pataje avèk ou tout Dènye Nouvel sou Sekirite nan CCPS ke nou ap voye bay paran/responsab, volontè, ansanm ak manb nan kominote a. Atravè diskisyon ki ap kontinye ansanm ak revizyon pwosesis sekirite yo avèk asosye fòs de lòd nou yo ak ekip dirijan ki nan distri nou an, nou te tire kòm konklizyon pou ke nou ajoute yon lòt kouch sekirite pou kapab asire ke sekirite elèv nou yo, manb pèsònèl, avèk envite ki nan tout lekòl nou yo.

Nou pral verouye pòt devan lekòl yo pandan jounen yo kòm yon kouch sekirite an plis. Chanjman sa a pral antre an aplikasyon epi mete an plas nan tout lekòl yo nan kòmansman ane eskolè 2018-2019 la. Chak lekòl pral resevwa yon aparèy pou kontwòle aksè nan lekòl yo avan ke yo mete pòt la anba kle. Pandan ke chak nouvo sistèm yo ap enstale, lekòl yo pral kòmanse avize manb pèsònèl yo, paran, volontè, ak manb nan kominote yo avan ke yo fèmen pòt la ak kle. Sa se yon ranfòseman nan pwosedi ki te deja egziste pou pase vizitè yo an rev.

- Envite ki ap vini nan lekòl yo pral itilize aparèy kontwòl aksè a ki pral enstale sou kote pòt devan lekòl la pou mande pèmisyon pou antre andedan batiman lekòl la.
- Lè manb pèsònèl ki nan direksyon an reponn demand aksè a, li pral mande envite a pou bay non li, ak rezon vizit li a, ki kapab enkli non pitit li a.
- Yo pral mande pou tout vizitè montre idantifikasyon ak foto yo devan kamera a.
- Yon fwa ke demand la fini aprouve epi envite yo jwenn aksè pou antre, envite nou yo pral prezante idantifikasyon ak foto yo ankò epi yo pral itilize sistèm ki te deja egziste pou idantifye vizitè yo pou bay envite yo yon pass vizitè.
- Nou pral pwodwi kèk videyo pou demonstre nouvo dispozisyon yo ak pou bay plis eksplikasyon sou nouvel pwosedi antre yo.

Nou ap raple w ankò, objektif nou se pou ajoute yon lòt kouch sekirite epi verouye pòt ki devan tout lekòl yo nan kòmansman ane eskolè 2018-2019 la. Direktè (tris) lekòl ou a pral fè ou konnen byen alavans kilè pòt yo ap kòmanse antre anba kle. Envite yo ta dwe planifye pou rive nan lekòl nou yo byen bonè pou ka fasilite vizit yo fèt pi rapid.

Priorize sekirite elèv ak manb pèsònèl yo se yon angajman ke nou tout pataje. Nou te fè fas kare avèk anpil defi ane sa a epi nou ap kontinye leve defi sa yo ansanm. Tanpri kontakte direktè (tris) lekòl pitit ou a si ou genyen nenpòt kesyon. Mèsi yon fwa ankò paske ou ap kontinye sipòte nou nan kenbe elèv nou yo ansanm ak manb pèsònèl nou yo an sekirite e sou pwoteksyon.

Kamela Patton, Ph.D.
Sipèentandan Lekòl yo